Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение
«Средняя общеобразовательная школа №3» с.п. Малка

«СОГЛАСОВАНО»
зам.директора по УВР
_____ М.Х. Ворокова
28 08 2020г

«ПРИНЯТО»
на заседании ШМО
учителей гуманитарного цикла
Руководитель
_______ А.Б Ерижокова
протокол № 1 от 28 08 2020г.

УТВЕРЖДАЮ
Директор МКОУ «СОШ №3»
с.п. Малка
__________ В.А.Кушхов
приказ № 101 от 31 08 2020г

Рабочая программа учебного предмета
«Кабардино- черкесская литература (родная)»
для 5 класса
учителя кабардинского языка и литературы
Вороковой Асият Хабаловны

на 2020-2021 учебный год

2020 год

## Пояснительная записка

Программа по кабардинской литературе для 5 класса составлена на основе Фундаментального ядра содержания общего образования и Требований к результатам основного общего образования, представленных в Федеральном государственном образовательном стандарте общего образования второго поколения, а также в соответствии с Программами по кабардинскому языку и литературе (авт. Ержибов А.К.и др.) УМК состоит прежде всего из учебника «Кабардинская литература. 5 кл. Учебник-хрестоматия для общеобразовательных учреждений. / Авт.-сост. Багов Н.А, и др./ и «Рабочей тетради»/авт. Балова Л.Ф. и др./. В программе также учитываются основные идеи и положения Программы развития и формирования универсальных учебных действий для общего образования, с особенностями ООП, образовательных потребностей и запросов обучающихся нашей школы, преемственность с примерными программами для начального общего образования.

Программа детализирует и раскрывает содержание стандарта, определяет общую стратегию обучения, воспитания и развития учащихся средствами учебного предмета в соответствии с целями изучения литературы, которые определены стандартом.

Программа рассчитана на 35 часов (1 час в неделю)

**2. Основными целями обучения в организации учебного процесса в 5 классе будут:**

1. воспитание духовно-развитой личности, осознающей свою принадлежность к родной культуре, обладающей гуманистическим мировоззрением, общероссийским гражданским сознанием, чувством патриотизма; воспитание любви к национальной итературе и культуре, уважения к литературам и культурам других народов; обогащение духовного мира школьников, их жизненного и эстетического опыта;
2. развитие познавательных интересов, интеллектуальных и творческих способностей, устной и письменной речи учащихся; формирование читательской культуры, представления о специфике литературы в ряду других искусств, потребности в самостоятельном чтении художественной литературы, эстетического вкуса на основе освоения художественных текстов;
3. освоение знаний о кабардинской литературе, ее духовно-нравственном и эстетическом значении; о выдающихся произведениях адыгских писателей, их жизни и творчестве, об отдельных произведениях балкарской классики;
4. овладение умениями творческого чтения и анализа художественных произведений с привлечением необходимых сведений по теории и истории литературы; умением выявлять в них конкретно-историческое и общечеловеческое содержание, правильно пользоваться родным языком

## Планируемые результаты освоения учебного предмета

**Обучающийся научится:**

- осознание значимости чтения и изучения кабардинской литературы для своего дальнейшего развития; формирование потребности в систематическом чтении как средстве познания мира и себя в этом мире, как в способе своего эстетического и интеллектуального удовлетворения;
- восприятие кабардинской литературы как одной из основных культурных ценностей народа (отражающей его менталитет, историю, мировосприятие) и человечества (содержащей смыслы, важные для человечества в целом);
- обеспечение культурной самоидентификации, осознание коммуникативно-эстетических возможностей родного языка на основе изучения выдающихся произведений российской культуры, культуры своего народа, мировой культуры;
- воспитание квалифицированного читателя со сформированным эстетическим вкусом, способного аргументировать свое мнение и оформлять его словесно в устных и письменных высказываниях разных жанров, создавать развернутые высказывания, участвовать в обсуждении прочитанного, сознательно планировать свое досуговое чтение на кабардинском языке;
- развитие способности понимать литературные художественные произведения, воплощающие традиции адыгского народа;
- овладение процедурами эстетического и смыслового анализа, формирование умений воспринимать, анализировать, критически оценивать и интерпретировать прочитанное, осознавать художественную картину жизни, отраженную в литературном произведении на родном языке.

Конкретизируя эти общие результаты, обозначим наиболее важные **предметные умения**, формируемые у обучающихся в результате освоения программы по кабардинской литературе основной школы (в скобках указаны классы, когда эти умения стоит активно формировать; в этих классах можно уже проводить контроль сформированности этих умений):

- определять тему и основную мысль произведения на кабардинском языке;
- владеть различными видами пересказа, пересказывать сюжет; выявлять особенности композиции, основной конфликт;
- характеризовать героев-персонажей, давать их сравнительные характеристики; оценивать систему персонажей
- находить основные изобразительно-выразительные средства, характерные для творческой манеры писателя, определять их художественные функции
- выявлять особенности языка и стиля писателя
- объяснять свое понимание нравственно-философской, социально-исторической и эстетической проблематики произведений
- выделять в произведениях элементы художественной формы и обнаруживать связи между ними, постепенно переходя к анализу текста; анализировать литературные произведения разных жанров;
- выявлять и осмыслять формы авторской оценки героев, событий, характер авторских взаимоотношений с «читателем» как адресатом произведения (в каждом классе – на своем уровне);
- пользоваться основными теоретико-литературными терминами и понятиями (в каждом классе – умение пользоваться терминами, изученными в этом и предыдущих классах) как инструментом анализа и интерпретации художественного текста;
- представлять развернутый устный или письменный ответ на поставленные вопросы (в каждом классе – на своем уровне); вести учебные дискуссии (7 кл.);
- собирать материал и обрабатывать информацию, необходимую для составления плана, конспекта, доклада, написания аннотации, сочинения, эссе, литературно-творческой работы, создания проекта на заранее объявленную или самостоятельно/под руководством учителя выбранную литературную или публицистическую тему, для организации дискуссии (в каждом классе – на своем уровне);
- выражать личное отношение к художественному произведению, аргументировать свою точку зрения (в каждом классе – на своем уровне);

- выразительно читать с листа и наизусть произведения/фрагменты произведений художественной литературы на родном языке, передавая личное отношение к произведению;
- ориентироваться в информационном образовательном пространстве: работать с энциклопедиями, словарями, справочниками, специальной литературой (5–7 кл.); пользоваться каталогами библиотек, библиографическими указателями, системой поиска в Интернете (в каждом классе – на своем уровне).

## I. Содержание тем учебного предмета

**Введение**

Писатели о роли книги в жизни человека. Книга как духовное завещание одного поколения другому. Литература как искусство словесного образа

**Устное народное творчество.**

Фольклор – коллективное устное народное творчество. Преображение действительности в духе народных идеалов. Детский фольклор (колыбельные песни, приговорки, скороговорки, загадки) Богатство отражения мира в фольклорных произведениях. Жанры фольклора. Представления о добре и зле, народные традиции в фольклорных произведениях. Воспитательная функция фольклора.

**Кабардинские народные сказки**

**Сказки.«Бажэ хеящIэ»,** ***«Джэду хьэжы», «Пк1ауэ и джэш дзык1э»*** **«Къэблэжьар лъапIэщ»,«Иныжьым и къан»**. Сказка как популярный жанр народного творчества. Виды сказок. Соотношение реального и фантастического в сказочных сюжетах. Народная мудрость сказок. Воплощение Победа и наказание, добра и зла – развязка всех сказочных сюжетов. Фантастическое и достоверно – реальное в сказке. Причудливый сюжет. Нравоучительное содержание. Сказки как вид народной прозы. Сказки о животных, волшебные, бытовые. Нравственное и эстетическое содержание сказок. Победа добра над злом – традиция кабардинских народных сказок. Художественные особенности сказок.

***Теория литературы***. Сказка. Виды сказок.

**Пословицы**. Пословицы и поговорки. Отражение в пословицах и поговорках народной мудрости и морального свода правил жизни. Образцы народного красноречия, источник мудрости, знаний о жизни.

**Загадки**. Отражение в загадках народной смекалки и наблюдательности. Краткость, выразительность и образность загадок.

***Скороговорки***

**Кешоков А.П. «Елбэздыкъуэ»** (Эльбаздуко)

Краткие сведения о жизни и творчестве **писателя**

**«Елбэздыкъуэ»** (Эльбаздуко) литературная сказка. Тема мирного труда и защиты родной земли. Эльбаздуко – крестьянский сын как выразитель основной мысли сказки. Волшебная сказка героического содержания. Представления о добре и зле, народные традиции в фольклорных произведениях. Воспитательная функция фольклора. Творческое использование традиционного сказочного сюжета. Необычная развязка и её глубокий смысл. Нравоучительный и философский характер сказок.

**Теория литературы:** Литературная сказка (начальные представления). Фольклор. Жанры фольклора. Виды сказок.

**Аков М.У.**

**«Маргъын и шабзэ.»** Человечность, честность всегда побеждают зло, нечестность. Нравственное превосходство главного героя, его мужество.

**Кабардинские народные джагуако-поэты**

Пачев Б.М.Слово о поэте. «Бэлыхь зимы1эр захуагъэщ.»

**Охтов А.Н.** Жизнь и творчество писателя Рассказ «Дрофа». Взаимосвязь природы и человека в рассказе.

**Мечиев К.Б .** Слово о поэте. Стихотворение **«Си къуэм папщIэ»** о сыне погибшем за свободу и независимость своего народа.

**Цагов Н.А.**

Слово о просветителе. «Из чего бывает снег?»

**Куашев Б.И.**

Краткий рассказ о поэте.

**Стихотворение «Си гъусэщ».** О роли книги в жизни человека и общества. Книга как духовное завещание одного поколения другому.

**Кагермазов Б. Х.**
«Псори зыщ1э Болэт» («Всезнающий Болат»). Тема и идея рассказа. Значение знания в рассказе.
**Губжоков Л.М.**
Краткий рассказ о писателе.
Рассказ **«Бжьэ къэпщIахэр» «Пчелиный рой»** Трудовое воспитание, приобщение к труду взрослых.
**Кулиев К.Ш.**
Жизнь и творчество писателя
Стихотворение «Мать». Забота и любовь матери безграничны. Воспитывать уважительное, трепетное отношение к матери, сердце которой наполнено бесконечной любовью.
**Лукожева Н.Х.**
Жизнь и творчесто поэта. «Анэм и 1эхэр» («Мамины руки») Любовь матери к своим детям в стихотворении «Мамины руки»
**Ханфенов Алим М.**
Слово о писателе. **Рассказ** «Мывэ къуэлэн ц1ык1у» о жизни в селе.
**Шомахов А.К.**
Жизнь и творчество писателя
**«Зэраншу».** Стихотворение о непослушном мальчике, который все время шалит, герое смешных историй. Средства юмористической характеристики в стихотворении. Мир детства в стихотворении.
**Шогенцуков А.А.**
Жизнь и творчество писателя
Стихотворение «Май» Умение чувствовать красоту природы. Конкретные пейзажные зарисовки. Поэтическое изображение родной природы и выражение авторского настроения, миросозерцания. Радостная, яркая, полная движения картины весенней природы.
**Каширгов Х.Х.**
**«Зы жэщ»** Подвиг народа в годы войны. Женщина-мать в годы войны.
**Журтов Б.К.**
Жизнь и творчество писателя
Повесть «Адэ лъапсэжь» (Отчий дом). О жизни и труде послевоенной молодежи, ее упорная борьба за восстановление народного хозяйства, торжество правды, преодоление предрассудков в быту, в сознании людей.

**Бакуева М.И**
«Щ1акхъуэ» « Хлеб» О жизни села в военное время.
**Гаунов Б.Х.**
Жизнь и творчество писателя
Рассказ ***«Ты только вернись, папа»***. В данном рассказе настоящая природная психология, философия и культура кабардинской семьи.
**Бештоков Х.К**
Слово о поэте. «Уэсым и гъуэгуанэ» - стихотворение о природе
**Тхагазитов З.М.**
Жизнь и творчество писателя
Стихотворение **«Гуапагъэ» «Милосердие»** Воспитание чувства милосердия. Учит быть добрым к окружающим.

## III. Тематическое планирование

| № | Разделы, темы | кол-во часов |
|---|---|---|
| 1. | Введение<br>Устное народное творчество | 6 |
| 2. | Кешоков Алим «Елбэздыкъуэ» | 2 |
| 3. | Аков Мухарбек | 2 |
| 4. | Пачев Бекмурза | 1 |
| 5. | Охтов А.Н. | 2 |
| 6. | Мечиев Кязим | 1 |
| 7. | Цагов Нурий | 1 |
| 8. | Куашев Бетал | 1 |
| 9. | Кагермазов Борис | 1 |
| 10. | Губжоков Лиуан | 1 |
| 11. | Кулиев Къайсын | 1 |
| 12. | Лукожева Л.Х | 1 |
| 13. | Ханфен Алим | 1 |
| 14. | Щогенцуков Алий | 1 |
| 15. | Каширгов Хапаша | 2 |
| 16. | Журтов Биберд | 1 |
| 17. | Бакуева Марие | 1 |
| 18. | Гаунов Борис | 1 |
| 19. | Бештоков Хабас | 1 |
| 20. | Тхагазитов Зубер | 1 |
| 21. | Внеклассное чтение | 4 |
| 22. | Развитие речи | 2 |
| Итого: | | 35 |

## Зыубзыху тхыгъэ

Зэрылажьэ программэр зэхэлъхьащ мы къэк1уэну нормативнэ тхылъхэр и лъабжьэу: Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм ц1ыхубэм щ1эныгъэ егъэгъуэтынымк1э къищта Законхэмрэ Концепцэхэмрэ, Федеральнэ государственнэ стандартыр, егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и министерствэм къищта Базиснэ учебнэ планыр, егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и министерствэм къигъэлъэгъуа тхылъхэр, предметымк1э зэхэлъхьа типовойк1э дызэджэ учебнэ программэм зэхигъэува зэрылажьэ программэм теухуа положенэм япкъ итк1э.

Программэр зэхэгъэуващ «Адыгэ (Къэбэрдей-Шэрджэс) литературэ 5-нэ-11-нэ классхэм папщ1э программэ». Авторхэр: Хьэк1уащэ А.Хь. ,Абазэ А.Ч.,Бак1уу Хь.И.,Гъут 1.М.,Ержыб А.Къу.,Т1ымыжь Хь.Т.Налшык. 2010 гъэм къыщыдэк1ам тету.

Программэм хухэхащ илъэсым сыхьэт 35, тхьэмахуэм зы сыхьэт, Малкэ курыт еджап1э №3-м 2018-2019 гъэ еджэгъуэм и УП-м ипкъ итк1э.

Еджак1уэхэр зэреджэну тхылъыр:

Багъ Н. А; Балэ Л.Ф; Агъырбэ З. Т. « Адыгэ литературэ »учебник-хрестоматие, 5класс. Налшык, «Эльбрус», 2010,2012гъ.

Балэ Л.Ф.,Ефэнды М.Ф.,Къумыкъу С.Къ. «Адыгэ литературэм зэрелэжьын тетрадь» 5 кл., Н.,»Эльбрус», 2011гъ.

Зэрылажьэ программэм къыщыгъэлъэгъуащ «Адыгэ литературэр» 5-нэ классым щегъэджыным и мурадымрэ и къалэнымрэ къэрал стандартым тету.

**Къэрал стандартыр щ1эныгъэр зыхуеину псори зыгъэбелджылы пщалъэщ. Зэрылажьэ программэм къызэщ1еубыдэ еджак1уэм и ныбжьым, и акъылым зэрызиужьам, и гупсысэр здынэсам елъытауэ ябгъэдэлъхьэн хуей щ1эныгъэр.**

Етхуанэ классым и зэрылажьэ программэр зыуэ зэхэт 1ыхьищ мэхъу:

1. Зыубзыху тхыгъэ.
2. Езым зэхэслъхьэжа зэрылажьэ программэ, мыхэр хэту:
    - Календарно-тематическэ план
    - Сыхьэт бжыгъэ иритыр
    - Етхуанэ классым щеджэ еджак1уэхэм адыгэ литературэмк1э ягъэзэщ1апхъэ лэжьыгъэхэр, я зэф1эк1хэр, щ1эныгъэр егъэф1эк1уэнымк1э ахэр зыхуэунэт1ахэр ( компетенцэ елъытауэ)
    - Щ1эныгъэм и ф1агъыр къэзызыгъэлъагъуэ унэт1ыныгъэхэр:

      - предметымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр ( предметные компетенции)
      - гъащ1эм, ц1ыхухэм яхэтынымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (социальные компетенции)
      - културэ куэдым хэзэгъэнымк1э, ар зыхащ1энымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр ( поликультурные компетенции)
      - информацэ зэхуэхьэсыным, абы и къэгъэсэбэпык1эм ехьэл1ауэ ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (инфрмационные компетенции)
      - гъэсэныгъэ елъытауэ ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (общекультурные компетенции).
    - Программэмрэ зэреджэну тхылъхэмрэ.
    - Еджак1уэхэм я щ1эныгъэр къызэрыпщытапхъэ л1эужьыгъуэхэр.
3. Еджак1уэхэм яхузэф1эк1ын, ящ1эн хуейуэ къигъэувхэр

Литературэр псалъэм и искусствэщ, гум къинэж образхэмк1э ц1ыхухэм я гъащ1эр къэзыгъэлъагъуэщ. Адыгэ художественнэ литературэм и тхыгъэ нэхъыф1хэр теухуащ ди щ1эблэр Адыгэ щ1ыналъэмрэ ц1ыхубэмрэ хуэпэжу гъэсэным. Морально -эстетическэ, художественно-нравственнэ, эстетическэ гъэсэныгъэ еджак1уэхэм егъэгъуэтыныр школым литературэр щегъэджыным и мурад нэхъыщхьэу мэув. Ар еджак1уэм нэсу зэрищ1эм, и гъащ1эм къызэрыщигъэсэбэпыфым куэдк1э елъытащ псынщ1эурэ зызыхъуэж гъащ1эм щигъуэтыну ехъул1эныгъэхэр. Абы и лъэныкъуэк1э инщ адыгэ литературэр егъэджыным и мыхьэнэр.

Етхуанэ классым адыгэ литературэр щегъэджыным къалэну къегъэув:

- Литературэбзэ къабзэк1э псэлъэнымк1э, гъэхуауэ къеджэнымк1э я1э зэф1эк1хэмрэ есэныгъэхэмрэ хэгъэхъуэныр;
- Псалъэм и къарур зыхащ1эу, дэтхэнэ зы псалъэри къыхахыфрэ я бзэм шэрыуэу къыщагъэсэбэпыфу гъэсэныр; литературэм гъащ1эм щи1э мыхьэнэшхуэм, абы и зыужьык1эм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм щыгъэгъуэзэныр.
- Ядж художественнэ тхыгъэхэр зытепсэлъыхьыр , абыхэм я авторхэмрэ зэреджэхэмрэ.
- Литературэр къулеягъэ ину зэрыщытыр, ар лъэпкъым и псэу, и дунейуэ зэрыщытыр зыхегъэщ1эныр;
- Ц1ыхугъэм, гущ1эгъулыныгъэм хуэгъэсэн, нэгъуэщ1 лъэпкъ културэхэм, динхэм шы1эныгъэрэ зыхэщ1ык1рэ хуа1эу гъэсэныр
- Иджыпсту щы1э информационнэ къулеягъым хэплъэфу, зыхуейр хуэ1эзэу къагъэсэбэпыфу егъэсэныр.

Адыгэ литературэр егъэджыныр къызэгъэпэщыпхъэщ компетентностнэ (лъэк1ыныгъэхэм зезыгъэужь ) бгъэдыхьэк1эм тету. Абы тещ1ыхьауэ етхуанэ классым зыщауж:

- коммуникативнэ (зэрызэгуры1уэ, зэрызэпыщ1а) компетенцэхэм
- лингвистическэ (бзэщ1эныгъэ) компетенцэхэм
- культуроведческэ компетенцэхэм.

**Еджак1уэхэм ягъуэта щ1эныгъэр къызэрапщытэ щ1ык1эхэр:**

- жьэры1уатэу блэк1а темэхэр къапщытэк1эрэ
- щхьэзакъуэ лэжьыгъэ ягъэзащ1эк1эрэ
- тхыгъэ лэжьыгъэхэр ятхк1эрэ
- тест лэжьыгъэхэр ягъэзащ1эк1эрэ, нэгъуэщ1эхэри.

Зэреджэну тхылъыр: Багъ Н. А; Балэ Л.Ф; Агъырбэ З. Т. « Адыгэ литературэ » учебник-хрестоматие, 5класс. Налшык, «Эльбрус», 2010,2012гъ.

Апхуэдэу къагъэсэбэпыпхъэщ: Ержыб А. Къу. Усэхэр, хъыбархэр, псысэхэр; дерсхэм къыдэк1уэу къызэджапхъэ тхыгъэхэр. Налшык, 1992 гъ.»

Псори: сыхь:35, тхьэмахуэм 1сыхь.

**Егъэджак1уэм къигъэсэбэп методическэ лэжьыгъэхэр:**

1.Багъ Н. А.» Адыгэ литературэмк1э методическэ чэнджэщхэр»,2007 гъ.

2.Ержыб А. Къу. «Адыгэ тхак1уэхэмрэ абыхэм я тхыгъэ щхьэхуэхэмрэ». Налшык, 1977гъ.

3.Ержыб А. Къу. «Адыгэ литературэмк1э классым щаджым нэмыщ1 яджыпхъэхэр. 5-8-нэ класс». Налшык 1977гъ

4.Ержыб А. Къу «Усэхэр, хъыбархэр,псысэхэр; дерсхэм къыдэк1уэу къызэджапхъэ тхыгъэхэр. Налшык,1992 гъ.»

**Еджак1уэм къигъэсэбэпынухэр**

**1.**.Ержыб А. Къу. «Адыгэ литературэмк1э классым щаджым нэмыщ1 яджыпхъэхэр. 5-8-нэ класс». Налшык 1977гъ

2..Ержыб А. Къу «Усэхэр, хъыбархэр,псысэхэр; дерсхэм къыдэк1уэу къызэджапхъэ тхыгъэхэр. Налшык,1992 гъ.»

3. Къэрмокъуэ Хь.Гъу. Адыгэ 1уэры1уатэ. Налшык, 1999

**Классым щаджхэм нэмыщI яджыпхъэ тхыгъэхэр**

*Адыгэ IуэрыIуатэм щыщхэу:*
«Лашын», «Мыщэм и къуэ Батыр», «Къарэ лъакъуиц», «ТхьэкIумэкIыхь Анэжьыр, Бажэр, Дыгъужьыр».
К ъ э з а н о к ъ у э Ж э б а г ъ ы. «Хабзэмрэ пэжымрэ», «Зэман къакIуэм щIэкъур лIыфIщ», «Жэбагъы и хъуэхъу» хъыбархэр.
*Адыгэ литературэм щыщхэу:*
П а щ I э Б.М. «Жьапщэ мыгъуэ», «Гъатхэ», «Си щIыпIэм папщIэ», «Жьы хъуар гу махэщ», «Дуней ухуэныр-щIэныгъэ Iуэхущ» усэхэр.
Щ о д ж э н ц I ы к I у А.I. «Гъатхэ», «Бжьыхьэ», «Хьэсанш цIыкIу и гущIэгъу», «Хьэсанш еджакIуэ» усэхэр.
К I ы щ о к ъ у э А.П. «Уигу, си анэ, сыкъэкIмэ», «Гъуэгу къежьапIэ», «Уи хэку жыг закъуэ фIэкI имытми» усэхэр; «Бажэ пшынэ» поэмэр.
Т е у н э Хь.И. «Дыщэплъ пщэдджыжь» рассказыр.
Ш о р т э н А.ТI. «ЛIыгъэм и вагъуэ» рассказыр.
Щ о д ж э н ц I ы к I у I.У. «Си анэ», «ФIыщIэ», «Пэж», «Жыг закъуэ» усэхэр; «Шагъдийм и уэрэд» поэмэр.
Щ о м а х у э А.Къ. «Жыг сатырхэр дэ хыдосэ», «Напэ», «ФIыщIэ», «IэщIагъэлI» тхыгъэхэр.
М ы с р о к ъ у э С.М. «ТIолъхуэныкъуэ» рассказыр.
Х ь э н ф э н А.М. «СфIэфIщ», «Шыдымрэ Дыгъужьымрэ» тхыгъэхэр.
Н а л о З.М. «ГъукIэкъуэм и лIыгъэ закъуэр» рассказыр.
Е л г ъ э р К.М. «Жэщ гугъусыгъу» рассказыр.
Г ъ у б ж о к ъ у э Л.М. «Къуршыбгъэ», «Хуитыныгъэм и хадэ», «Псы сыхуолIэ» усэхэр.
I ут I ыжБ. Къу. «Пхъэхуеймрэ жыгеймрэ», «Телъыджалъэ» усэхэр.
Ш э д ж ы х ь э щ I э Хь.ТI. «Боксер» рассказыр.

Н а л о А.Хь. « Жыгкугъу» рассказыр

Х ь э х С.Хь. « ДиректорыщIэ» рассказыр.

Д ж э д г ъ э ф Б.М. «Анэхэр фэ зэикI фымыгъагъ», «Си адыгэщI», «Уафэгум ситми», «Iуащхьэмахуэ» усэхэр.

Б и ц у А.М. «Си лъахэ», «Сурэт», «Анэм, и джэ макъ», «Си хэку» усэхэр.

А ц к ъ а н Р.Хь. «И куэдщ си лъахэм жьыщхьэ махуэ», «Си махуэу си хуарэ», «Бгыщхьэм», «Жьэгу Iугъуэмэ» усэхэр

**Хэзыгъэгъуазэ** (1 сыхь.)

**Хэзыгъэгъуазэ**

**Адыгэ IуэрыIуатэ**

IуэрыIуатэкIэ зэджэмрэ абы и пкъыгъуэхэмрэ. IуэрыIуатэм и плъыфэ нэхъыщхьэхэр: ар жьэрыIуэтэжурэ зэрызекIуэр, къэзыIуэтэжым и гурыхуагъэмрэ Iэзагъымрэ зэрелъытар, зым хэхауэ имейуэ, цIыхубэм я зэхуэдэу, къэзыIуэтэжми, зэхэзыхыу зыIуэтэжми я зэхуэдэу зэрыщытыр, абы къыхэкIыуи цIыхубэ творчествэу зэралъытэр. Таурыхъхэр, нэгъуэщIу мы жанрым зэреджэхэр - псысэ, шыпсэ.

**«Бажэ хеящIэ»** (1 сыхь.). Таурыхъыр зытеухуа Iуэхугъуэр. ЩакIуэхэм кърахужьа Дыгъужьыр ЛIыжь цIыкIум къызэрыригъэлыр. Дыгъужьыр фIы къыхуэзыщIам къызэрыхущIэкIыжар; ЛIыжь цIыкIур къызэрела щIыкIэр. Бажэм и образыр таурыхъым къызэрыхэщыр. НэгъуэщI псэущхьэхэу абы дызыщрихьэлIэхэр. Таурыхъым дызыхуиущийхэр: фIы къыпхуэзыщIэм фIыуэ хущытыжын; фIы къыпхуэзыщIэм ухуэмеиж хъуа щхьэкIэ, лей емыхыжын, сыт щыгъуи захуэм и телъхьэу щытын.

**«Джэду хьэжы»** (1 сыхь.) таурыхъыр зытеухуар. Джэдум Iэмалу къигупсысар. Дзыгъуэхэр жыIэзыфIэщу зэрыщытым зэрытекIуэдэжар. Мы таурыхъыр лIэужьыгъуэкIэ зыхуэдэр - псэущхьэхэм ятеухуа таурыхъыу зэрыщытыр. Апхуэдэу иджыри дызыщыгъуазэхэр. Псэущхьэхэм ятеухуами, цIыхухэм я гъащIэм ещхьу абыхэм къахэщыжхэр.

**«ПкIауэ»** (1 сыхь.). Таурыхъым и зэхэлъыкIэр. ПкIауэ зи цIэ лIы цIыкIум и Iуэхухэр къызэрекIуэкIар: ар мыIэзэу Iэзафэ зытригъауэу, абы хьер къызэрыхихыфар. Мыпхуэдэ таурыхъхэм нэхъыбэу ягъэзащIэ къалэныр – зэш трагъэууэ, цIыхум и Iэмалшыгъэхэм зрагъэужьу зэрыщытыр.

**«Къэблэжьар лъапIэщ»** (1 сыхь.). Таурыхъым и купщIэ сюжетымрэ лIыхъужь нэхъыщхьэу хэтхэмрэ. Лэжьыгъэм цIыхур зэхэщIыкI иIэу зэригъасэр къызэрыгъэлъэгъуа щIыкIэр. ПсалъэкIэ ЩIалэм къыгурымыIуэу щытар Iуэхум щынэсым, псынщIэ дыдэу къызэрыгурыIуар. Адэм сэбэп къыхуэмыхъуамрэ къыхуэхъуамрэ. Iуэхугъуэ къызэрыгуэкIхэм ятеухуа таурыхъ лIэужьыгъуэм мыр зэращыщыр.

**«Иныжьым и къан»** (сыхь.2). Таурыхъым и зэхэлъыкIэмрэ къэIуэтэкIэм хэлъ хьэлэмэтагъхэмрэ. Иныжьым и образыр. Абы и гъэсэн щIалэм и образыр. Адрей образхэр зыхуэдэмрэ къалэну ягъэзащIэмрэ. Ахэр зытет дунейр ди дунейм зэрещхьыр, къазэрыщхьэщыкIыр. «Телъыджэ таурыхъкIэ» узэджэ хъуну таурыхъ лIэужьыгъуэр.

**Л**и т е р а т у р э м и т е о р и е. ЦIыхубэ таурыхъхэр; таурыхъ лIэужьыгъуэхэр.

**Къуажэхьхэр** Къуажэхь джэгукIэр, езы псалъэр къыщIежьар, къыщагъэсэбэп хабзэ псалъэ зэдзахэр. Къуажэхь нэхъ дахэу, къэщIэгъуейуэ еджакIуэхэм ящIэхэр. А IуэрыIуатэ лIэужьыгъуэм сабийм и зэхэщIыкIым хэхъуэнымкIэ мыхьэнэуэ иIэр.

КъуажэхькIэ зэпеуэ егъэкIуэкIын.

**ПсынщIэрыпсалъэхэр** ПсынщIэрыпсалъэу еджакIуэхэр зыщыгъуазэр, ахэр къызэраIуэтэфыр икIи абыхэм зэштегъэу мыхьэнэ нэхъ имыIэу зэ еплъыгъуэкIэ къызэрыпщыхъур. Анэдэлъхубзэр фIыуэ пщIэнымкIэ, ар бгъэбзэрэбзэфу щытынымкIэ мы IуэрыIуатэ лIэужьыгъуэм мыхьэнэуэ иIэр.

ПсынщIэрыпсалъэкIэ зэпеуэ егъэкIуэкIын.

**Псалъэжьхэр** Псалъэжьхэр я закъуэ дыдэу бзэм зэрыхэмытыр, атIэ нэхъыбэм ахэр псалъэм къызэрыдэкIуэр. Ахэр къызэрыгуэкI псалъэхэм елъытауэ нэхъ шэрыуэу, гупсысэ куу ящIэлъу, зэгъэкIукIэ дахэ яIэрэ псэр яхьэхуу, гум иубыдэгъуафIэу зэрыщытыр. Псалъэжьхэм я тематикэм гъащIэм и лъэныкъуэ псори къызэрызэщIиубыдэр.

Хъыбар гъэщIэгъуэн зиIэ псалъэжьхэр. А хъыбархэр IуэрыIуатэм и пкъыгъуэ щхьэхуэу зэрыщытыр.

**КIыщокъуэ А.П.** (сыхь.2)

УсакIуэм теухуа псалъэ.

**«Елбэздыкъуэ»** литературэ псысэр. IуэрыIуатэм и хабзэхэм тету поэмэм хэт зэкъуэшищыр зэрызэпэгъэувар, нэхъыщIэм зэрихьэ лIыгъэр нэхъ егъэлеяуэ зэрыщыгъэлъэпIар. Лъэпкъым и зэхэщIыкIыр, Iуэху еплъыкIэхэр, и хьэл-щэн нэхъыфIхэр Елбэздыкъуэ зэрыхэпщар.

Л и т е р а т у р э м и т е о р и е. Литературэ псысэкIэ зэджэр, абы и лIэужьыгъуэхэр. IуэрыIуатэми литературэми я щэнхэр абы зэрыхэплъагъуэр.

**Акъ М.У.** (сыхь.2)

ТхакIуэм теуха псалъэ.

**«Маргъын и шабзэ»** рассказым IуэрыIуатэм щыщу хэлъ нэщэнэ нэхъыщхьэхэр. ЦIыхум и насыпыр езыр-езыру къызэрымыкIуэр, ар ерыщагъpэ лIыгъэкIэ къэхьын зэрыхуейр тхыгъэм къызэрыхэщыр. Рассказым хэт образхэм (ДаIуэрей, Банэрей, Плъэрей, Шхэрей сымэ) егъэлеиныгъэ яхэлъыныр зэпхар, апхуэдэ лIыхъужьхэм лъэпкъ IуэрыIуатэм уазэрыщыхуэзэр. Пэжагъыр, цIыхугъэр мыхъумыщIагъэхэм текIуэныр хъыбархэм зэранэщэнэр, ар зэпхар.

**ПащIэ Б.М.** (1 сыхь.)

УсакIуэм теухуа псалъэ.

ЗыIэрыгъэхьэгъуейуэ щытми, ерыщу щIэкъум и мурадыр зэрызэIэригъэхьэфыр, гугъэр адэ щIэиныфIу цIыхум къызэрыдэгъуэгурыкIуэр **«Бэлыхь зимы1эр захуагъэщ»** (нэгъуэщI усэкIи зэпхъуэкI хъунущ) усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Усэм и гъэпсыкIэр.

Л и т е р а т у р э м и т е о р и е. Художественнэ литературэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр: усыгъэр, прозэр, драматургиер.

**Цагъуэ Н.А.** (1 сыхь.)

ТхакIуэм теухуа псалъэ.

**«Уэсыр сытым къыхэк1рэ?»** тхыгъэр IуэрыIуатэм пэгъунэгъу хуэзыщIыр. Цыжьбанэ лIыхъужьым и образым тхакIуэм щIилъхьэ гупсысэр. ЛIыгъэ зэрихьэм и щIыIужкIэ, ар къуалэбзухэм сэбэп зэрахуэхъур. Тхыгъэм иIэ гъэсэныгъэ мыхьэнэр.

*Къыддэпсэу лъэпкъхэм я литературэ*

**Мечиев К.Б.** (1 сыхь.)

УсакIуэм теухуа псалъэ.

И лъэпкъым и щхьэхуитыныгъэм щIэбэну къуэм зэрихьэ лIыгъэр **«Си къуэм папщIэ»** усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Адэм и бэшэчагъыр, шыIэныгъэр тхыгъэм къызэрыхэщыр.Усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр.

**ЩоджэнцIыкIу А. I.** (1 сыхь.)

УсакIуэм теухуа псалъэ.

Гъэм и дахэгъуэ лъэхъэнэр **«Май»** (мы темэм теухуа нэгъуэщI усэкIи зэпхъуэкI хъунущ) усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар, абы и нэщэнэ пыухыкIахэу усакIуэм зи гугъу ищIхэр. Гъэм и дахагъымрэ лъахэм и зыужьыныгъэмрэ тхыгъэм зэрыщызэпэджэжыр. Усэм и и гъэпсыкIэр, и бзэр.

Л и т е р а т у р э м и т е о р и е. Усэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр.

**Уэхъутэ А.Н.** (2сыхь.)

ТхакIуэм теухуа псалъэ.

Дунейм и фIыгъуэ псори хуэсакъыу хъумэным **«Дудакъ»** рассказым дызэрыхуриджэр. ЦIыхум хэлъ гуапагъэр, гущIэгъур къуалэбзухэми зэрызыхащIэр тхыгъэм къызэрыхэщыр. Мэзанэ и образыр. Рассказым и художественнэ гъэпсыкIэр.

Л и т е р а т у р э м и т е о р и е. Рассказ жанрыр. Прозэу тха тхыгъэм и бзэр усэм ейм къызэрыщхьэщыкIыр.

**КIуащ Б.И.** (1 сыхь.)

УсакIуэм теухуа псалъэ.

Тхылъым къалэн зэхуэмыдэу цIыхум хуищIэр **«Си гъусэщ»** (нэгъуэщI усэкIи зэпхъуэкI хъунущ) усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Псалъэм и къарур, и зэфIэкIыр абы зэрыщыгъэлъэпIар. ЕджакIуэм ныбжьэгъу пэж тхылъыр хуэхъунымкIэ усэм иIэ мыхьэнэр.

Усэм и художественнэ гъэпсыкIэр, и бзэр.

Л и т е р а т у р э м и т е о р и е. Художественнэ тхыгъэм и темэмрэ и идеемрэ.

*Къыддэпсэу лъэпкъхэм я литературэ*

**Кулиев К.Ш.** (1 сыхь.)

УсакIуэм теухуа псалъэ.

Анэм и быным хуиIэ лъагъуныгъэр, хуэмыпшыныжын къалэн абы зэрыхуищIэр **«Анэ»** усэм къызэрыхэщыжыр. Абы и жэуапу быныр анэм зэрыхущытын хуейуэ усэм къыщыгъэлъэгъуар. Ущииныгъэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэуэ тхыгъэм иIэр.

**Къашыргъэ Хь.Хь.** (сыхь. 1)

ТхакIуэм теухуа псалъэ.

**«Зы жэщ»** рассказым Хэку зауэшхуэм и зэман хьэлъэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжар, зауэм и бэлыхь мыухыжхэр къызэрыгуэкI цIыхухэм я фэ зэрыдэкIыр тхыгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъуар. Анэм и образыр. Тхыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэр, абы и художественнэ гъэпсыкIэр, и бзэм и къулеягъыр.

*ХамэщI щыпсэу адыгэхэм къахэкIа тхакIуэхэр*

**Хьэнфэн А.М.** (сыхь. 1)

ТхакIуэм теухуа псалъэ.

**«Мывэ къуэлэн цIыкIу»** рассказым къуажэ фызыжьхэм (Мелэч, Аулэд, Хъыбархъан сымэ) я образхэр, гушыIэ хэлъу, къызэрыщыгъэлъэгъуар.

ЩIэныгъэншагъэм ахэр зыхидзэ Iуэху дыхьэшхэныр; псэууэ къызэрелам щхьэкIэ, тхьэлъэIу ящIыну яужь зэрихьэр. Рассказым и художественнэ гъэпсыкIэр.

**Журт Б.Къу.** (сыхь. 1)

ТхакIуэм теухуа псалъэ.

Хэку зауэшхуэр къэралми, цIыхухэми я дежкIэ зэхэгъэкIыныгъэшхуэу зэрыщытар «« Адэ лъапсэжь»» (нэгъуэщI тхыгъэкIи зэпхъуэкI хъунущ) рассказым къызэрыхэщыжыр. И лъахэм и щхьэхуитыныгъэм папщIэ Нэщрэдин и псэр зэритар. ЦIыхум фIы ищIар зэрымыкIуэдыр рассказым гупсысэ нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуар.

**БакIуу М.И.** (сыхь. 1)

ТхакIуэм теухуа псалъэ.

Зи адэр зауэм ираджа бынунагъуэр зыхэхуэ къулейсызыгъэр «ЩIакхъуэ» рассказым къызэрыхэщыр. Анэм и зэфIэкIыр абы зэрыщыгъэлъэпIар. Ерыскъым пщIэ хуэщIын зэрыхуейм ныбжьыщIэхэр абы зэрыхуигъасэр.Рассказым и художественнэ гъэпсыкIэр, и бзэр.

**Къагъырмэс Б.Хь.** (1 сыхь.)

УсакIуэм теухуа псалъэ.

Иджырей еджакIуэхэм я гъащIэр, я IуэхущIафэхэр, зэхэщIыкI-гупсысэхэр **«Псори зыщIэ Болэт»** рассказым къызэрыщыгъэлъэгьуар. ЩIэныгъэм и мыхьэнэр, абы пылъ фIыгъуэр тхыгьэм къызэрыхэщыр. Болэт и образыр.

Л и т е р а т у р э м и т е о р и е. Зэгъэпщэныгьэ, къэгъэпсэуныгъэ художественнэ Iэмалхэр.

**Гъубжокъуэ Л.М.** (сыхь. )

ТхакIуэм теухуа псалъэ.

Сабийхэр лэжьыгъэм щIэпIыкIыныр, ар фIыуэ ялъагъуу къэгъэтэджыныр **«Бжьэ къэпщIахэр»** (нэгъуэщI тхыгъэкIи зэпхъуэкI хъунущ) рассказым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Зэныбжьэгъухэу Хьэсаншрэ Муазинрэ фIыуэ еджэнхэу бжьахъуэ лIыжь Мусэ зэрытригъэгушхуэр, абыхэм зэрадэIэпыкъур.

Рассказым и гупсысэ нэхъыщхьэр, хэлъ ущие дахэр.

**Гъэунэ Б.Хь.** (сыхь. 1)

ТхакIуэм теухуа псалъэ.

Зауэм къимыкIыжа и адэм сабийм хуиIэ лъагъуныгъэм и кууагъыр **«Уэ къэкIуэж закъуэ, папэ»** рассказым къызэрыщыгъэлъэгъуар; адэ-анэм хуащIын хуей пщIэм абы щIэблэр зэрыхуигъасэр. Зауэ нэужь илъэсхэм цIыхухэм ятелъа тхьэмыщкIагъэр тхыгъэм къызэрыхэщыр. Рассказым и художественнэ гъэпсыкIэр, и бзэм и ухуэкIэр.

Л и т е р а т у р э м и т е о р и е. Эпитетыр, абы и къэгъэсэбэпыкIэхэр.

**Тхьэгъэзит З. (1 сыхь.)**

ТхакIуэм теухуа псалъэ. **«Гуапагъэ»** Дуней псор гуапагъэм зэрызэтри1ыгъэр. Усэм и гупсысэр дэтхэнэ зы ц1ыхуми гъащ1эм зэрыхипщапхъэр.

Усэм и гъэпсык1эр.

**5-нэ классым щеджэхэм литературэмкIэ ягъэзэщIэн хуей лэжьыгъэхэр**

**ЖьэрыIуатэу:**

- художественнэ тхыгъэхэм гупсэхуу, гъэхуауэ къеджэн. ГукIэ зэрагъэщIа усэхэр е пычыгъуэхэр къекIуу, щымыуэу жаIэжыфу щытын;
- классым щаджа тхыгъэхэм я купщIэхэр къаIуэтыжыфу егъэсэн;
- щыгъуазэ зызыхуащIа тхыгъэхэм хэт лIыхъужьхэм я IуэхущIафэ щхьэхуэхэм тепсэлъыхьыфу, нэгъуэщIхэм ирагъэпщэфу щытын;
- езыр-езыру унэм щаджа художественнэ тхыгъэхэм, ягу ирихьа сурэтым, ялъэгъуа кинофильмым тепсэлъыхьыжын;
- илъэгъуа е зи тхыгъэ еджа тхакIуэм и сабиигъуэм теухуауэ кIэщIу къэIуэтэжын. Яджахэр я щапхъэу къуажэхь, псалъэжь, псысэ кIэщIхэр зэхалъхьэфу щытын.

**Тхыгъэу:**

- зэджа тхыгъэхэм е пычыгъуэхэм я план зэхэлъхьэн, абы ипкъ иткIэ тхыгъэ мыинхэр ятхыфу щытын;
- щыгъуазэ зызыхуащIа тхыгъэхэм, абыхэм хэт лIыхъужьхэм, сурэт ялъэгъуам, псалъэжь щхьэхуэм, и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэ гуэрым теухуауэ сочиненэ кIэщIхэр зэхэлъхьэн.

**5-нэ классым щеджэхэм яIэн хуей щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ**

**ЕджакIуэхэм ящIэн хуейщ:**

- яджа художественнэ тхыгъэхэр зи IэдакъэщIэкIхэр, абыхэм я гъащIэм теухуа хъыбар кIэщIхэр; зэджа тхыгъэхэр зытеухуахэр, абыхэм я сюжетхэмрэ хэт лIыхъужьхэмрэ; гукIэ зэрагъэщIэну къэгъэлъэгъуахэр;
- литературэм и теориемкIэ зэхэщIыкIыныгъэ пыухыкIахэр: IуэрыIуатэкIэ зэджэр, абырэ литературэмрэ я зэпыщIэныгъэр, литературэ псысэр, литературэм и пкъыгъуэхэр, усэмрэ прозэмрэ я зэщхьэщыкIыныгъэхэр, эпитетыр, зэгъэпщэныгъэр, къэгъэпсэуныгъэр, н.

**ЕджакIуэхэм яхузэфIэкIын хуейщ:**

- щыгъуазэ зызыхуащI тхыгъэхэм Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр къыхагъэбелджылыкIыныр;
- зэджа тхыгъэхэм щекIуэкIхэр къыщыхъу зэманыр, къыщIэхъу щхьэусыгъуэхэр къахутэныр; литературэм и теорием теухуауэ щыгъуазэ зызыхуащIа художественнэ Iэмалхэр ящIэныр, зэджа тхыгъэхэм ахэр къыхагъуэтэныр;
- егъэджакIуэм игъэув упщIэхэм япкъ иткIэ зэджа тхыгъэхэм хэт лIыхъужьхэм тэмэму тепсэлъыхьыныр.
- художественнэ тхыгъэхэм гъэхуауэ къеджэныр, зы дакъикъэм псалъищэ е щэрэ пщIырэ и псынщIагъыу;
- тхыгъэ зэджахэм щыщ пычыгъуэ щхьэхуэхэр жьэрыIуатэуи тхыгъэкIи къэIуэтэныр, абыхэм хэт лIыхъужьхэм тхыгъэуи жьэрыIуатэуи тепсэлъыхьыныр; тхыгъэ цIыкIу зырызхэм план хуэгъэувыныр, лIыхъужь щхьэхуэхэм теухуауэ жьэрыIуатэу рассказ зэхэлъхьэныр;
- классым щаджа е езыр-езыру щыгъуазэ зызыхуащIа тхыгъэхэм жьэрыIуатэу рецензэ етыныр, езы еджакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэр щыгъэбелджылауэ;
- зэреджэ тхылъхэр, хрестоматиехэр, зэрыгъуазэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр тэмэму къэгъэсэбэпыныр.

**Етхуанэ классыр къэзыух еджак1уэм игъуэтыпхъэ щ1эныгъэхэмрэ есэныгъэхэмрэ:**

1.Адыгэ литературэмк1э яджа произведенэхэм я сюжетымрэ абыхэм хэт литературнэ л1ыхъужьхэмрэ;

2. Гук1э зрагъэщ1эн хуейуэ ирата тхыгъэхэр;

3.Гуры1уэныгъэ щхьэхуэхэм я щытык1э нэхъыщхьэхэр; адыгэ 1уэры1уатэр, литературнэ псысэр, эпитетыр, усэбзэмрэ прозэбзэмрэ, зэгъэпщэныгъэр, къэгъэпсэуныгъэр.

4. Зыщыгъуазэ художественнэ тхыгъэм 1уэхугъуэ гуэрхэр къыхэгъэбелджылыфык1ын.

5. Яджа художественнэ тхыгъэм къыща1эт 1уэхугъуэхэм зэманрэ къыщ1эхъу щхьэусыгъуэмрэ елъытауэ яку дэлъ зэпыщ1эныгъэхэр ягъэбелджылыфын;

6.Егъэджак1уэм игъэува упщ1эхэм ипкъ итк1э ядж художественнэ тхыгъэм хэт литературнэ л1ыхъужьхэм тепсэлъыхьын;

7. Зыщыгъуазэ художественнэ тхыгъэм тэмэму, ирижэу ик1и гъэхуауэ къеджэфын; къеджэк1эм и хуабжьагъыр псалъищэ- щэрэ пщ1ырэ зы дакъикъэм;

8. Эпическэ тхыгъэм щыщ пычыгъуэ мыиныр жьэры1уатэуи тхыгъэк1и къэ1уэтэжыфын; литературнэ тхыгъэм хэт л1ыхъужьым тепсэлъыхьын; литературнэ л1ыхъужьым теухуа жьэры1уатэ рассказ зэхэлъхьэфын;

9. Тхылъ зэджахэм е хрестоматием ит справочнэ аппаратым иригъуэзэн, ахэр дахэ-дахэу къэгъэсэбэпын.

**Гъэ еджэгъуэм еджак1уэхэр зэлэжьыну творческэ проектхэр:**

1.Гъэм и к1уэц1к1э яджыну тхыгъэхэм иллюстрацэхэр хуегъэщ1ын (сурэт щ1ыныр нэхъ къызэхъул1э ц1ык1ухэм).

2.Адыгэ тхак1уэхэм теухуа литературнэ газетхэр къыдэгъэк1ын.

3.Литературнэ тхыгъэ яджхэм щыщ теплъэгъуэхэр спектаклу гъэлъэгъуэн.

***Етхуанэ классым щеджэ еджак1уэм оценкэ зэрыхуагъэув щ1ык1эхэр:***

*Еджак1уэм и щ1эныгъэр къыщапщытэк1э егъэджак1уэм 1уэхум къыхилъытэн хуейщ:*
*1-ядж произведенэм и текстыр зэрищ1эр;*
*2-произведенэм къыщыгъэлъэгъуа ц1ыхухэм я хьэл-щэнхэр.1эхущ1афэхэр,1уэхугъуэхэм я зэк1элъык1уэк1эр къыгуры1уэу зэрытепсэлъыхьыфыр;*
*3-литературэм и теориер зэрищ1эр; абы и щапхъэхэр тхыгъэм къызэрыщигъуэтыфыр;*
*4-жэуап щитк1э къи1уатэ гупсысэр зэк1элъык1уэу, зыр зым къитэджык1ыу зэрыщытыр, тэмэму, гъэхуауэ къызэреджэфыр, абы щыгъуэми псынщ1эу къеджэнымк1э мардэхэр 1уэхум къыхэлъытэн:*
*«5» классым- зы дакъикъэм псалъэ 90-100.*

***Жьэры1уатэ жэуапхэм:***
*«5» ягъэув ядж тхыгъэхэм и текстыр тэмэму ищ1эмэ ик1и кууэ къыгуры1уэмэ ,произведенэм хэт ц1ыхухэм я хьэл-щэнхэр,1уэхущ1афэхэр,1уэхугъуэхэм я зэк1элъык1уэк1эр къыгуры1уэу тепсэлъыхьмэ, гъэхуауэ ик1и зыхищ1эу, псынщ1агъ мардэм тету къеджэмэ.*

*«4» ягъэув, ядж тхыгъэм и текстыр ищ1эмэ ик1и къыгуры1уэмэ, ,произведенэм хэт ц1ыхухэм я хьэл-щэнхэр,1уэхущ1афэхэр,1уэхугъуэхэм я зэк1элъык1уэк1эр къыгуры1уэу тепсэлъыхьмэ, и бзэр, къеджэк1эр мы1еймэ, ауэ и жэуапым щыщ1эныгъэу зы е т1у нэхъыбэ хэмытмэ.*

*«3» ягъэув, ядж произведенэр зэрищ1эр ик1и къызэрыгуры1уэр и жэуапым къыуигъащ1эмэ, ,произведенэм хэт ц1ыхухэм я хьэл-щэнхэр,1уэхущ1афэхэр,1уэхугъуэхэм я зэк1элъык1уэк1эр къыгуры1уэу тепсэлъыхьмэ, ауэ и бзэм, и къеджэк1эм щыщ1эныгъэ куэд и1эмэ, и жэуапым зэк1элъык1уэк1э тэмэм имы1эмэ.*

.
*«2» ягъэув, ,ядж тхыгъэм и текстым емыджамэ, и бзэм, и  къеджэк1эм зык1и арэзы укъимыщ1мэ.*
.
*«1» ягъэув, произведенэм и содержанэм зыри химыщ1ык1мэ ик1и программэм къигъэув къалэнхэр къыгурымы1уэмэ, и  бзэр мыхъумыщ1эмэ, къеджэк1э щ1агъуи имы1эмэ.*

***Изложенэхэм, сочиненэхэм хуагъэув оценкэхэр.***

*«5»- классым изложенэу ирагъэтхыну текстыр къыщыхахк1э, 1эмал имы1эу ар щытын хуейщ:*
*а) и содержанэмк1э гуры1уэгъуэу:*
*б) хэт псалъэхэр, псалъэухахэр зыхэщ1ык1ыгъуэу*
*в) и инагък1э 5 классым хуагъэува пщалъэм къит1асэу.*

*Изложенэу ирагъэтхыну текстыр художественнэ произведенэгуэрым щыщ пычыгъуэу е рассказ к1эщ1у щытын хуейщ. Сюжет и1эпхъэщ, \гъэсэныгъэ  мыхьэнэ и1эн хуейщ.*

*«5» классым ятх изложенэм и планырегъэджак1уэм яритми е егъэджак1уэхэмрэ еджак1уэхэмрэ зэгъусэу зэхальэми мэхъу.*

*«5» классым изложенэу ятхыну текстыр ику иту псалъи100- 150 нос.*

*«5» классым щ1эс еджак1уэхэм ятх сочиненэм и инагъыр тетрадь напэк1уэц1 0,5- 1 хъун хуейщ.*
***Сыт хуэдэ изложенэми сочиненэми оценкэу л1эужьыгъуит1 ягъэув:***
***Япэр- и содержанэмрэ зэрытха бзэмрэ папщ1э, ет1уанэр-грамматическэ и лъэныкъуэк1э и 1эзагъым папщ1э.***
***Изложенэхэм, сочиненэхэм «5» ягъэув:***

*1. Лэжьыгъэм и содержанэм темэр нэгъэсауэ къызэпкърихмэ.*
*2 .Содержанэм пщ1ы зыри хэмытмэ.*
*3 .Содержанэр  зэк1элъык1уэу къа1уэтэжамэ.*
*4. Лэжьыгъэр   бзэ къулейк1э, щэрыуэк1э тхамэ ,псалъэхэм я къыхэхынымрэ псалъэуха ухуэнымрэ щыуагъэ хэмытмэ.*
*5.  Лэжьыгъэр и ухуэк1эк1и зэхэлъык1эк1и къызыхуэтыншэу гуры1уэгъуэмэ,ауэ и содержанэм1 щыщ1эныгъэрэ и бзэм 1 щыщ1эныгъэрэ ф1эк1 хэмытмэ.*
*6 .Орфографическэ щыуагъэу 1 е пунктуационнэщыуагъэу1, е грамматическэу 1 хащ1ыхьамэ*

*«4» ягъэув:*

*1.Лэжъыгъэм и содержанэм темэр мы1ейуэ къызэпкърихмэ.*
*2. Содержанэр пэжмэ, ауэ щыуагъэузы ф1эк1а хэмытмэ.*
*3. Содержанэр къызэри1уэтэжым и зэк1элъык1уэк1эм някъусаныгъэ мащ1э ф1эк1 хэмытмэ.*
*4.Лэжьыгъэр зэрытха бзэм и къулеягъым арэзы укъищ1мэ.*
*5. Лэжьыгъэр и ухуэк1эк1и и зэхэлъык1эк1и къызыхуэтыншэу гуры1уэгъуэмэ, ауэ и содержанэм щыщ1эныгъэу 2, и бзэм щыщ1эныгъэу 2 ф1эк1 хэмытмэ.*
*6.Орфографическэ щыуагъэу 2-рэ пунктуационнэу2-рэ, е орфографическэ щыуагъэу 1-рэ пунктуационнэ щыуагъэу 4 хэтрэ орфографическэ щыуагъэ зыри хэмыту, ауэ грамматическэ щыуагъэу 2- хэтмэ.*

*«3» ягъэув:*

*1.Лэжьыгъэм и содержанэм темэр нэсу къызэпкърихмэ.*
*2.Содержанэм темэм и мыхьэнэр къыбгуригъа1уэмэ, ауэ щыуагъэ гуэрхэр хэтмэ.*

*3.Содержанэр къызэрт1уэтэжым и зэк1элъык1уэк1эм ныкъусаныгъэ гуэрхэр хэтмэ.*
*4.И бзэр мыкъулеймэ, псалъэхэр къызэригъэсэбэпымрэ псалъэухахэр зэриухуэмрэ нэсу арэзы укъимыщ1мэ.*
*5. Лэжьыгъэм и ухуэк1эк1и и зэхэлъык1эк1и нэсу арэзы укъимыщ1мэ, содержанэм щыщ1эныгъэу 4, и бзэм щыщ1эныгъэу 4 нэхъыбэ хэмытмэ.*

*6. Орфографическэ щыуагъэу 4-рэ пунктуационнэу 4-рэ, е орфографическэ щыуагъэу 3-рэ пунктуационнэу 5-рэ хэтмэ, е пунктуационнэ шыуагъэу 7 хэтрэ орфографическэ щыуагъэ зыри хэмыту, ауэ грамматическэ щыуагъэу 4 хэтмэ.*

*«2» ягъэув:*
*1.Содержанэм темэр къызэпкъримыхмэ.*
*2. Лэжьыгъэм щыуагъэ куэд хэтмэ.*
*3. Содержанэр къызэри1уэтэжым и зэк1элъык1уэк1эр мытэмэммэ, планым темытмэ, къи1уатэ гупсысэм зэпыщ1эныгъэ гуэрхэр имы1эмэ.*
*4. И бзэр хуабжьу къулейсызмэ, псалъэухахэр зэхуэдэу к1эщ1мэ, псалъэхэр куэдрэ къемызэгъыу къигъэсэбэпмэ.*
*5. Орфографическэ щыуагъэу 4-рэ пунктуационнэу 7-рэ е орфографическэ щыуагъэу 5-рэ пуктуационнэ щыуагъэу 8-рэ, е орфографическэ щыуагъэу 8, пунктуационнэу 6, грамматическэ щыуагъэу 7 хэтмэ.*
*«1» ягъэув:*

1. *Содержанэм щыщ1эныгъэу 6-м, бзэм щыщ1эныгъэу 7-м щ1игъу лэжьыгъэм хищ1ыхьамэ.*
2. *Орфографическэ щыуагъэу 7, пунктуационнэ щыуагъэу7, грамматическэ щыуагъэу7 нэхъыбэ хэтмэ*